PEACE CORPS THE GAMBIA
PRE-SERVICE TRAINING
WOLLOF LANGUAGE TAPE SCRIPT









Hosted for free on livelingua.com

General Greetings

Salaamaléékum	maléékum salaam
Peace be upon you	peace be upon you too
Jama nga am?	Jama rek
Do you have peace	peace only
Nanga def?	Man fi rek
How are you?	I'm here only
Ana waa kër	ňuŋ fa
Where are the home people	They are there
Mbaa defuňu dara?	Defuňu dara
Hope nothing is wrong	nothing is wrong
Naka ligéy bi?	Ligéy baangi fi rek
How is the work?	The work is here only

Specific Greetings

Morning

Jama nga fanaan?	Jama rek
Did you spend the night in peace	peace only
Naka suba si?	Suba saangi fi rek
How is the morning?	The morning is here only
Mbaa nelew nga bu baax?	Nelew naa bu baax
Hope you slept well?	I slept well

Afternoon Greetings

Jama nga endu?	Jama rek
Did you spend the day in peace?	Peace only
Naka bécék bi?	Bécék baangi fi rek
How is the afternoon	The afternoon is here only

Evening Greetings

Naka ngoon si?	Ngoon saangi fi rek
How is the evening?	The evening is here only

Hosted for free on livelingua.com

Night Greetings

Naka gudi gi?
How is the night?

Gudi gaangi fi rek
The night is here only

Greeting someone at work

Jaajéf
Well-done

Sawala
Thank you

Jaangéén jéf
Well done you all

Séén wala
Thank you

Naka ligéy bi?
How is the work?

Nungi ci kowam ndanka nkanka
We are on top of it slowly slowly

Leave Taking

Mangéé dem
I am going

Baax na be ci kanam
Okay until later

Mangéé delu
I am returning

Baax na ňu endu jama
Okay let's spend the day in peace

Mangéé ňibi
I am going home

baax na
OK

Baax na ňu fanaan jama
Okay we spend the night in peace

Jamaa jama
Peace only

Personal Identification

Naka nga tuda?
What is your name?

Moodu laa tuda
My name is Modou

Naka nga santa?
What is you surname?

Ngom laa santa
My surname is Ngum

Ban rééw nga jogéé?
Which country are you from?

America laa jogéé.
I came from America

Foo déka léégi?
Where are you living now?

Gambia laa déka léégi
I am living in the Gambia

Foo déka ci Gambia?
Where in the Gambia do you live?

Bakau laa déka ci Gambia
In the Gambia I'm living in Bakau

Lan mooy sa ligéy?
What is you job?

PCV laa
I am a PCV

Hosted for free on livelingua.com

ňaata at nga am?
How old are you?

ňaar fuki at ak juroom laa am
I'm 25 years old

Am nga jabar?
Do you have a wife?

Waaw am naa jabar
Yes I have a wife

Am nga jékar?
Do you have a husband?

Déédéét amuma jékar
Do I don't have a husband

Am nga doom?
Do you have children?

Waaw am naa doom
Yes I have children

Am nga doom?
Do you have children?

Déédéét amuma doom
No I don't have children

Introducing Someone

Kii suma xarit la
This person is my friend

Roxi la tuda
her name is Rohey

Baatinjool la jogéé
She come from Baatinjool

PCV la
She is a PCV

Dina fi neeka bena bés bu ay
She will stay here for one week

Counting

Bena	ňaar	ňeta	ňenent	juróóm	juróóm bena
1	2	3	4	5	6
juróóm ňaar	juróóm neta	juróóm ňenent	fuka	fuka ak bena	fuka ak ňaar
7	8	9	10	11	12
fuka ak ňeta	fuka ak ňenent	fuka ak juróóm		fuka ak juróóm bena	
13	14	15		16	
fuka ak juróóm naar	fuka ak juróóm neta	fuka ak juróóm ňenent		ňaar fuka	
17	18	19		20	
ňeta fuka	ňenent fuka	juróóm fuka	juróóm bena fuka	juróóm ňaar fuka	
30	40	50	60	70	
juroom ňeta fuka	juróóm nenent fuka	téémeér	juné		
80	90	100	1000		

Hosted for free on livelingua.com

Shopping

Nanga def?
How are you?

Maan fi rek
I am fine

Am nga piis?
Do you have fabric?

Waaw, ban fasoŋi piis nga buga, waks,
Poplin ndax mbasen?
Yes, what kinds of fabric do you want, wax,
Poplin or mbasen?

Amuloo borode?
Don't you have borode?

Waaw, waay bu xonxa, buloo ak bu werta laa am.
Yes, I have red, blue and green

Meetar ňaata la?
how much a meter?

Meetar, téémèér ak juroom fuka la
A meter is D150

Hey! lóólu dafa seer. Baalal ma waaňi ko.
Hey! That is very expensive.
Please reduce it for me.

ňaata ngaay fey?
How much will you pay?

Téémèér laa muna fey
I can pay D100

Déédéét, feyal téémèér ak ňaar fuka ak juróóm.
ňaata meetar nga buga?
No, pay D125. How many meters do you want?

Fuki meetar laa buga
I want 10 meters

Am, mungi nii, am sa wéécit, jéréjéf
Here, it is here and your change, thank you.

Jéréjéf, be beneen yoon
thank you, till next time

baax na, be beneen yoon.
OK, until next time.

Transportation

Fan la gaaraasi Bansaŋ bi neeka?
Where is the Bansang garage?

Mungi jaakaarloo ak marse bi
It is facing the market

Aparante, ban mótóóy dem Brikama baa?
Apprentice which vehicleis going to Brikama ba?

Gélégélé bu bulóó balé taxaw ci ron garab gi
It's that blue wan standing under the tree

Aparante, bii mooy gélégélé biiy dem Brikama baa?
Apprentice is this the gelegele going to Brikama ba?

Waaw, bii mooy dem
Yes, this one is going

Paas bi ňaata la?
How much is the fare?

Paas bi juróóm-bena-fuki dalasi ak juróóm la,
Waay nak sa mbuus bi ňaar-fuki dalasi la
The fare is D65.00, but your bag is D20.00

Def ko fuki dérém
Please make it D10.00

Dugal, dem ci kanam, jél siis
Get in, go to the front, take a seat

Nga waacee ma ci boopi kon bi dendoo pénca mi
You will drop me at the junction near the 'bantaba'

baax na.
OK.

Hosted for free on livelingua.com

Tailoring

Dama buga nga nawal ma sipa. ňaata la?
I want you to sew a skirt for me. How much is it?

ňaar fuki dérém la, ňaata meetara fi neeka?
It's D20.00, how many meters are here?

ňaari meetar
Two meters

Baax na, lóólu dina doy
O.K. that will be enough

Kaň laay pare?
When will it be ready?

élék ci gudi
Tomorrow at night

Baax na, jéréjéf, maangéé dem be élék
O.k. thank you, I'm leaving till tomorrow

baax na, be élék.
OK. Till tomorrow.

Weather

Waay, démba dafa tangoon torop
But yesterday it was too hot

Ngelew sax amutoon
there was no wind at all

Musumaa gis fasoŋi tangaay bii
I've never seen such heat

Dama jóg sangu ci gudi
I got up and took a shower last night

Munumaa nelew
I couldn't sleep

Ci biti laňu fanaan
We spent the night outside

Foog nga óór na pur fanaan ci biti ci léndém bi
Do you think it is safe to spend the night outside in the dark

Ci tóój laňu fanaan , du ci suuf
We spent the night on a platform not on the ground

Noticing if someone is sick

Xadi, lu xew?
Haddy, what happened?

Dama feebar
I'm sick

Lu laay méédi?
What hurts/

Suma biir bi
My stomach

Dipi kaň?
Since when?

Dipi démba ci gudi
From yesterday night

Dem nga lopitaan?
Did you go to the hospital?

Waaw
Yes

Am nga garab?
Do you have medicine?

Waaw
Yes

Ma seet, Yal nga tane bubaax.
Let me see, I pray you get better very well.

Amiin
Amen

Hosted for free on livelingua.com

Common Conversations

Nanga def?
How are you?

Man fi rek
Am here only

Fooy dem?
Where are you going?

Basse laay dem
I'm going to Basse

Lu xew fóófu?
What is there?

Céét, suma xarit mooy séy
Wedding, my friend is getting married

Baax na, demal ci jaama
O.k. go in peace

Nanga def?
How are you?

Man fi rek
I'm fine

Géj naa laa gis, foo neekoon?
I miss to see you, where have you been?

Basse laa neeka léégi
I am in Basse now

Suma nijaay fóófu la neeka
My uncle is staying there

Lu moo def Basse?
What is he doing in Basse

Mungéé ligéy ci lopitaani Basse bi, ambulaans daraayfa la
He is working at the Basse hospital, he is an ambulance driver

Naka la tuda?
What is his name?

Kebbaa la tuda
His name is Kebba

Baax na, dinaa ko seeti
O.k I will go and visit him

Common Phrases

Kaay fii-come here
yaangi toog-you are sitting
kaay leeka-come eat
lan la?-what is it?
Lu xew?-What happened?
Dinaa la dóór-I'll beat you
fooy dem-where are you going?
Looy def-what are you doing?
Maangéé dem-I'm going
loo buga-what do you want?
Baayi ma-leave me
mey ma ndox-offer me water
lii lan la?-what is this
Maangéé jangi-I'm going to learn
doy na-enough
jéréjéf-thank you
Foo jogéé?-where are you from?
ma gis-let me see
danga dof?-you crazy?
Loo wax?-what did you say?
Lula jot-what's bothering you?

Adjectives

Basse dafa sóri
Basse is far from here

Soma sóriwut fii
Soma is not far from here

Góór gu maaget gi dafa njool
The old man is tall

Janxa bu ndaw bi dafa am yaram
The young girl has body

Hosted for free on livelingua.com

Naaj mi dafa tanga
The sun is hot

Soos bi neex na
The sauce is sweet

Limon bi dafa forox
The lemon is sour

Soosi kaani gi dafa saf
The pepper sauce is spicy

Yaangee-xesew
You stink

Asamaan si dafa ňuul
The sky is black

Siwo bii dafa diis lool
This bucket is very heavy

Nit ňu baree ngi fii
There are many people here

Dafa tilim ni mbaam sóf
He is as dirty as a donkey

Lal bi dafa nooy
The bed is soft

Yombut
Not easy

Am nga ndox mu seeda guy?
Do you have very cold water

Mango yi ňor naň
The mangoes are ripe

Ataaya bi dafa wex
The ataya is bitter

Sa diw gaangee xeeň lu neex
your lotion smells nice

Faatoo géna gaata Saajo
Fatou is shorter than Sarjo

Weer wi leer na lool
The moon is very bright

Gis nga suma paaka bu tuuti bi?
Did you see my small knife?

Dafa réy ni mbaam sóf
He is as fat as a donkey

Nuul ni kériň
Black as charcoal

Olof dafa jafe
Wolof is difficult

Ni ngaa waxee dafa gaaw lool
You speech is too fast

Tenses

Man jangakat laa
I am a student

Dinga neeka volontiya weer wiiy now
You will be a volunteer next month

élék dinaa neeka kiyaŋ
Tomorrow I'll be at kiang

Maangéé rooti
I am going to fetch water

Mungéé toga benacin
She is cooking benachin

Moodu gaadina la woon
Modou was a gardener

Maangi GPI
I am at GPI

Bés bu ay bi paase maangi woon America
last week, I was in America

Mungi tédoon ci lal bi
He was lying down on the bed

Dinan aň ňeti waxtu
We will eat lunch at 3pm

Hosted for free on livelingua.com

Question words and Responses

Naka sa déka bi?
How is your village?

Dafa tanga lool
It is very hot

Ana suma buk bi?
Where is my book?

Mungi ci taabul bi
It is on the table

Lan laay ligéy?
What is his work?

Dafaa jaay mbuuru
He is selling bread

Kaň laňooy ňibisi?
When are they coming home

Dinaň ňibisi élék
They will come home tomorrow

Kan mooy sa yaay?
Who is your mother?

Xadi mooy suma yaay
My mother is Haddy

Kan moo neeka ci néég bi?
Who is in the house?

Suma maam bu jigéén
My grand mother

ňan ňoo neeka ci néég bi?
Who are those in the house?

Suma gan ňi laňu
They are my visitors

Ban réew nga jogéé?
Which country are you from?

Gambiya laa jogéé.
I am from the Gambia

Lutax ngaay janga olof?
Why are you learning wolof?

Paski ci déki olof laa déka
Because I live in a wolof community

Ndax olof neex naa janga?
Is it that wolof is easy to learn?

Dafa jafee janga
It is difficult to learn

Ban laaka nga dééga, olof ndax soose?
Which language do you learn wolof or mandinka?

Olof laa dééga
I understand wolof

Buga ngaa janga, ndax lan?
You like to learn, or what?

Waaw, buga naa janga
Yes, I want to learn

Expressing Sympathy

Am na ku dee sómita
Someone died in Somita

Sigil ko
Accept my sympathy

Sigil sa waala
Thank you

yal na ko yaala yérém
May his soul rest in peace

Hosted for free on livelingua.com

Yal na ko yaala jéégal ay baakaaram — aamiin
May God forgive his sins — Amen.

Offering Prayers

Journey

Yal nga aaga ci jaama — aamiin
May you arrive in peace — Amen.

New Baby

Yal na xale bi dunda te barke — Yal na am ay raka yu bari
May the baby live a long and blessed life — May she have many siblings

Yal na ko yaala def julit — aamiin.
May he become a good muslim — Amen.

Sickness

Mbaa yaangéé tane? — Waaw.
Hope you are getting better? — Yes.

Yal na tane jém kanam — aamiin.
I wish you a speedy recovery — Amen.

Tobaski and koriteh

Baalal ma aaxa — Baalal naa la
Forgive my sins — I forgive you

Yal naňu yaala boole baalal — aamiin.
May God forgive all of us — Amen.

Yal naň feekee déwén — aamiin.
May we be together next year — Amen.

Charity

Jéréjéf, yal na yaala nangu sarax — Yal na la yaala musal ci séytaane
Thank you, may God accept this charity — May God protect you from evil

Aamiin.
Amen.

Hosted for free on livelingua.com

Expressing Needs

Dama soxla xaalis tey
I need money today

Loo soxla?
What do you need?

Amuma suma soxla yi yép
I don't have all my needs

Mey ma ndox
Offer me water

Dama buga dem ci wanag wi
I want to go to the bathroom

Ma dimbalé la?
Can I help you?

Soxla naa laa gis
I need to see you

Kan nga soxlaa gis?
Who do you need to see?

Fan la wanag wi neeka?
Where is the bathroom?

Abal ma sa paaka bi
Lend me your knife

Kaay dimbalé ma, lél
Come help me, please

Amuma ndimbal
I don't have help

Hosted for free on livelingua.com